

Tès Dyagnostik ak Tès Antikò pou COVID-19

Tès Dyagnostik COVID-19 Gratis

Tès dyagnostik COVID-19 la san danje, li gratis, epi li fasil. Yo ka itilize yon prelevman nan nen, nan bouch, oswa krache ou.

Gen plis pase 100 kote pou fè tès COVID-19 toupatou nan peyi a. [Klike la](#) pou jwenn yon kote yo fè tès la tou pre ou.

Kimoun ki ka fè tès la?

Fè tès la si ou:

- Vle pwoteje fanmi ou ak tèt ou.
- Gen sentòm COVID-19 yo tankou lafyèv, tous, souf kout, oswa pa ka pran gou oswa sant anyen
- Te nan kontak sere-sere ak yon moun tès li pozitif
- Yon sekouris oswa travayè swen sante
- Travay nan yon mezon retrèt,abri, oswa sant yo bay granmoun swen

Konbyen tan l ap pran pou jwenn rezilta yo?

Yo retounen pifò rezilta nan apeprè 4 èdtan.

Èske mwen bezwen asirans?

Ou PA bezwen asirans pou fè yon tès dyagnostik.

Vi Prive

Rezilta tès ou yo ap konfidansyèl.

Tès Antikò COVID-19

Tès antikò COVID-19 la se yon tès san pou jwenn antikò - pwoteyin nan san ou ki konbat enfeksyon. Yo fè tès la nan dwèt ou. Yon tès pozitif pa nesesèman yon endikasyon iminite.

Ale nan [Sit Enfòmasyon COVID-19 pou tout vil la](#) pou jwenn enfòmasyon sou kote ou ka fè tès antikò COVID-19 la

Kimoun ki ka patisipe?

Ou dwe fè tès antikò a si ou:

- PA gen sentòm COVID-19 yo
- PA te malad nan de (2) semèn ki sot pase yo
- PA te teste pozitif pou COVID-19 nan de (2) semèn ki sot pase yo

Avantaj yo

W ap konnen si ou gen COVID-19 epi ede devlope rechèch pou vaksen ak lòt fason pou kontab kont viris la.

Konbyen tan l ap pran pou jwenn rezilta yo?

Rezilta yo pran apeprè 48 èdtan.

Èske mwen bezwen asirans?

Ou pa bezwen asirans pou fè yon tès antikò.

Vi Prive

Tout enfòmasyon ou ap konfidansyèl.